# Министрлер Кеңеси Баслығы орынбасары пуқаралар менен ушырасты

Бозатаў районы ҳәкимлигиниң мәжилислер залында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары Е.Аташов пенен пуқаралар ҳәм ғалаба хабар қураллары ўәкиллери сондай-ақ,  тийисли тараў басшыларының ушырасыўы болып өтти.




Ушырасыў даўамында,  районда қурылыс тараўында алып барылып атырған ҳәм әмелге асырылыўы режелестирилген жумысларға кеңнен тоқталып өтилди. Сондай-ақ,  қатнасыўшылардың турақ жай ушын жер орынларын ажыратыў,  алыс аймақларды ишимлик суўы менен тәмийинлеў,  өзбасымшалық пенен ийеленген жер орынларын ҳүжжетлестириў мәселелерине байланыслы болған мүрәжатларының орынланыўы қадағалаўға алынды ҳәм басқа да тараўға байланыслы  болған  пикир-усыныслары тыңланды.




Бозатаў районы ҳәкимлигиниң Мәлимлеме хызмети